



Moun ki mouri – Defen. - Defunciones

Li eksplike demach ki dwe fèt nan ka ke w ta gen yon moun ki mouri

◉ Ki demach ki dwe fèt lè w gen yon fanmi ki mouri?

- Chache jwenn sètifika medikal desè.
- Enskri lanmò a nan Biwo Registro Civil (Rejis Sivil)
- Touche lajan asirans lanmò an nan AFP oubyen IPS pou kouvri depans antèman an. Pou sa w ap bezwen de (2) sètifika desè moun ki mouri a; fakti original mòg la a nan non moun oubyen enstitisyon ki te reyalize depans antèman an; dènye likidasyon salè (pewòl) oubyen pansyon moun ki mouri a.
- Pou afilye yo oubyen pansyonè AFP yo kòb antèman an se sou kont pèsònèl AFP l ap sòti. Benefisyè yo ka jwenn 15 UF oubyen tout lajan ki sou kont el si l mwens ke 15 UF a.

Benefisyè Pensión Básica Solidaria (Pansyon Bazik Solidè) pou granmoun ak andikape ki pa gen resous, gen dwa pou resevwa lajan sa a tou.

◉ Kiyès y ap peye lajan sa a yo rele “Cuota Mortuaria” (vèsman mòtyè a)?

Yo peye l ak moun ki te reyalize depans antèman an. Si yo te fè kontra ak yon mòg, se li menm k ap touche l, yon fason pou l kouvri sèvis finerè a nan tout entegralite l.

◉ Ki dat limit ki genyen pou fè fineray yon moun?

Dat limit maksimòm nan pou fè fineray yon moun se 48 èd tan. Yo kapab ogmante oubyen diminye sou li si gen ka eksepsyonèl.

◉ Ki kote m dwe ale pou m retire yon kò?

- Si moun nan te mouri nan yon lopital: nan mòg lopital la.

Si se vyolans ki koz li mouri (aksidan, omisid, swisid, anpwazonman ou lòt koz ki pa natirèl): Nan mòg “Servicio Médico Legal” (Sèvis Medsen Legal) ki pi prè a.

◉ Ki dokiman ki dwe prezante pou retire kò a?

Si moun ki te mouri an te:

- Selibatè: Al avèk kat idantite li oubyen sètifika nesans moun ki mouri a.
- Marye : Al avèk kat idantite li epi kat maryaj moun ki mouri a.
- Minè : Ale avèk kat idantite moun ki mouri a oubyen yon lòt dokiman ki akredite idantifikasyon li (kanè familyal oubyen paspò)

Anplis, ou ka ale avèk kat idantite moun ki ap fè demach la.

◉ Kiyès ki otorize pou transpòte defen an?

Fonksyonè simetyè yo. Mezon finerè yo kapab fè li, sèlman si yo gen otorizasyon “Autoridad Sanitaria” (Otorite Sanità) (Règleman Simetyè yo).

◉ Ki kote kadav la kapab antere?

Sèlman nan simetyè ki legalman otorize.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.